Rikukupai

# Mwanakomana akarasika



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes
Rakafanidzirwa ne: Alastair Paterson; Lazarus
Rakatorwa na: Ruth Klassen; Sarah S.
Rwakashandurwa na: Tendai Mugova
Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2020 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana
usinganotengesi chete.



Jesu aifarira kutaurira vanhu kuti Mwari akanga achida kuvaregerera. Asi vatungamiri vakapopota nokuda kweushamwari hwake navatadzi. Zvino Jesu akavaudza nyaya nhatu dzairatidza kuti Mwari anofara kana vatadzi vakakumbira ruregerero.



Nyaya yokutanga yakanga iri pamusoro peumwe murume akanga aine hwai zana. Hwai imwe chete yakarasika. Mufudzi akasiya dzimwe hwai achienda kundotsvaka imwe yakanga yarasika.



Mufudzi
akatsvaga kwose
kusvika awana gwai
rakanga rarasika.
Akaritakura
pamapfudze ake
ndokudzokera
kumba.

Akaudza shamwari
dzake kuti, “Pemberai
neni nokuti ndawana
gwai rimwe chete
rakanga rarasika.”

Jesu akataura kuti kana kudenga kunova nemufaro mukuru kana munhu mumwe chete achinge atendeuka. Kutendeuka kunoreva kuti munhu anenge aine urombo nezvitadzo zvake, urombo unoita kuti aregere kutadza.





Nyaya yepiri
yaJesu yakanga
iri pamusoro
pemukadzi akanga
aine masirivha
makumi, zvichida
akanga ari ose
akachengeta.
Akarasikirwa
nesirivha rimwe
chete.

Tsvai! Tsvai! Tsvai! Mukadzi akatsvaga kwese. Zvisinei, akawana sirivha rake akava nomufaro mukuru. Unofunga kuti akaita sei?
Hongu, akaudza shamwari dzake dzose.





Zvakare
Jesu akati,
"Kune mufaro
mukuru pakati
pengirozi
dzaMwari
kana munhu
mumwe chete
atendeuka."

Nyaya yaJesu yechitatu
yakanzwisa tsitsi kwazvo.
Yakanga iri pamusoro
peumwe mukomana
akasiya imba
yababa vake.



Mukomana akaenda kunyika yakanga iri kure akanodya mari yake. Zvino akanga achaita sei? Mukomana akanga achafa nenzara nokuti makore enzara akatevera.



Achitsvaga zvokudya, mukomana akawana basa rokuchengeta nguruve. Zvichida akadya chikafu chenguruve. Zvisinei mukomana akafunga akati, “Ndodzokera kumba nokuti kana vashandi vanodya zviri nani pane zvandirikudya.”





“Ndinodzokera kumusha ndinokumbira baba vangu kuti vandiregerere. Handikodzere kuva mwana wavo. Zvichida vanokwanisa kundipa basa somushandi wavo.”

Asati asvika kumba, baba vake vakamuona achiuya. Vakafara chaizvo kuona mwana wavo achidzoka. Vakamutsvoda vachibvva vamumbundira mumaoko avo.





Mukomana akataura achiti, “Baba ndakatadza. Naizvozvo, handikodzeri kuva mwana wenyu.” Mukomana akanga achida kukumbira baba vake kuti vamuite mushandi wavo. Asi baba vakatanga kutaura vakati, “Hunzai nguwo yakanaka neshangu dzokuti ndipe mwana wangu. Gadzirirai mabiko makuru.”

Vakaita mabiko makuru nokuti mwana akanga arasika akanga awanikwa. Jesu akataura nyaya iyi nokuti yakaratidza kuti Mwari anofarira kugamuchira vatadzi vanotendeuka vachiuya kwaari.



Mwanakomana akarasika

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Ruka 15

“Mazwi enyu anotipa kuchena.”
Mapisarema 119:130

Magumo

45

60

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteererereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16